


Jesu anonyengetera ari muGetsimani

1. Zuva rokuroverwa kwake risati rasvika, Jesu akaenda akenda kubindu kundonyengetera. Ko Jesu anoti akanzwa sei?
2. Ndevapi vadzidzi vatatu vaakenda mberi naJesu mubindu?
3. Ko sei Jesu akaenda nevadzidzi ava?
4. Ko sei Jesu asina kufara nevadzidzi ava?
5. Ko Jesu akanyengetera kanokwana kangani?
6. Ko Jesu akakumbira Baba vake kuti vaitei.
7. Jesu zvaaiziva kuti aizotambudzika, uye nokuzofa, ko sei akanyengetera?
8. Ko Jesu aipedzisa minyengetero yake sei? Ko izvi zvinorevei?
9. Uchiri kurangarira here imwe nguva yawakakumbira vamwe kuti vanamate newe?
10. Ko unonzwa sei kana Mwari akapindura munamato wako neimwe nzira yaunenge usingatarisire? Unogona here kuvimba murudo rwaMwari ruzere, zvokuti ungati, “Kuda kwenyu ngakuitwe?” Ko ndoupi munamato unodikanwa unosanganisira mashoko awa? Apo unenge uchinamata munamato uyu, gadzirira mwoyo wako kubvuma kuita kuda kwaMwari.

Jesu Anonyengetera



**Farai nguva dzose; rambai muchinyengetera.
1 Vatesaronika 5:16-17**

Munamato waShe Jesu

Baba vedu vari kudenga, Zita renyu ngarikudzwe.
Ushe hwenyu ngahuuye, Kuda kwenyu ngakuitwe panyika
sezvakunoitwa kudenga.

Tipei nhasi zvokudya zvedu zvinotiringana, tikanganwirei mhosva
dzedu sezvatinokanganwira avo vanotitadzira.
Musatipinza pakuedzwa asi tirwirei pane zvakaipa. Nokuti Ushe
ndohwenyu, nesimba nokubwinya, nokusingaperi. Ameni

Jesu anonyengetera Panguva Yeshumiro Yake

Ruka 5:15-16 ~ Asi mukurumbira wake wakapararira kwazvo, zvokuti
vanhu vazhinji zhinji vakauya kuzomunzwa uye kuti vaporeswe
zvirwere zvavo. Asi Jesu kazhinji aizvitsaura achienda kusina vanhu
kuti andonyengetera.

Ruka 6:12-13 ~ Nerimwe ramazuva iwayo, Jesu akabuda
akaenda kugomo kuti andonyengetera, uye akapedza usiku hwise
achinyengetera kuna Mwari. Fume mangwana, akadana vadzidzi
vake akasarudza gumi navaviri pakati pavo, avo vaakatumidza kuti
vapostori:

Ruka 9:28-29 ~ Mazuva angasvika masere akati apera, shure
kwokunge Jesu ataura izvozvo, akatora Petro naJohani naJakobho
pamwe chete naye akakwira mugomo kundonyengetera. 29Akati
achinyengetera, kuonekwa kwechiso chake kwakashanduka, nguo
dzake dzikachena dzikapenya sokupenya kwemheni.

Jesu anonyengetera ari pamuchinjikwa

Ruka 23:46 ~ Jesu akadanidzira nenzwi guru achiti, “Baba, ndinoisa
mweya wangu mumaoko enyu.”

Mateo 26:36-46 - Jesu muGetsemani

Ipapo Jesu akaenda navadzidzi vake kunzvimbo inonzi Getsemani,
uye akati kwavari, “Garai pano ini ndichienda apo kundonyengetera.”
37 Akatora Petro navanakomana vaZebhedhi vaviri akaenda navo,
uye akatanga kuva neshungu, uye akatambudzika. 38 Ipapo akati
kwavari, “Mweya wangu uri kushungurudzika kwazvo kusvika pakufa.
Garai pano uye murinde pamwe chete neni.”

39 Akaenda mberi zvisvima, akawira pasi nechiso chake
akanyengetera achiti, “Baba vangu, kana zvichibvira mukombe uyu
ngaubviswe kwandiri. Asi kwete kuda kwangu asi kuda kwenyu.”

40 Ipapo akadzokera kuvadzidzi vake akavawana vavata. Akabvunza
Petro achiti, “Varume, matadza kurinda neni kweawa imwe chete? 41
Rindai uye munyengetere kuti murege kupinda mukuedzwa. Mweya
unoda, asi muviri wakaneta.”

42 Akaendazve kechipiri akanyengetera achiti, “Baba vangu, kana
zvisingagoni kuti mukombe uyu ubviswe kwandiri kunze kwokutenge
ndaunwa, kuda kwenyu ngakuitwe.” 43 Paakadzoka, akavawanazve
vavata nokuti meso avo akanga azere nehope.

44 Saka akavasiya akaendazve uye akanyengetera kechitatu,
achitaura zvimwe chetezvo. 45 Ipapo akadzokazve kuvadzidzi akati
kwavari, “Muchakavata uye muchakazorora here? Tarirai, nguva yava
pedyo, uye Mwanakomana woMunhu ari kupandukirwa achiiswa
mumaoko avatadzi. 46 Simukai, ngatichiendai! Anondipandukira uya
ouya!”

(Verengawo Marko 14:32-42, Ruka 22:40-46)